

**REZIME AVI SOU PWOPZISYON RÈGLEMAN POU REKOU KOLEKTIF
SI MEL HARRIS & ASSOCIATES, LLC/LR CREDIT DEKLARE OU DWE YON DÈT
OU KA FÈ PATI YON RÈGLEMAN POU REKOU KOLEKTIF**

Ki sa pwochè sa ye? Èske mwen fè pati pwochè a?

Sa a se yon avi sou pwopozisyon Règleman ak Defandan yo (LR Credit, Mel Harris & Associates, LLC and Samserv) nan yon pwochè pou rekou kolektif ke yon konnen sou non *Sykes v. Mel S. Harris and Associates, LLC*, No. 09 Civ. 8486 (S.D.N.Y). Defandan yo te dakò pou rezoud akizasyon ke yo vyole lwa a pa soumèt swadizan fo afidavi (affidavits) bay Tribinal la pou yo jwenn jijman padefo. Defandan yo pa dakò ke yo te fè anyen ki mal. Tribinal la pa deside si wi ou non reklamasyon Plentif yo fonde.

Pou ou kapab fè pati pwochè a, ou dwe te gen yon swadizan dèt konsomatè pou LR Credit. Lòt dèt pa fè pati de Règleman an.

Ou ka tcheke si ou fè pati Règleman sa a lè w ale sou www.sykesclassaction.com oswa rele Administratè a nan (877) 868-0034.

Ki sa ki nan Règleman sa a?

Règleman nan Lajan: Defandan yo te dakò pou yom montan Règleman nan Lajan \$54.492.500 plis lajan adisyonèl ki te ranmase jiskaskè Règleman an finalman apwouve pa Tribinal la. Manm gwoup ki te peye LR Credit lajan oswa moun LR Credit te vann jijman pa defo a kalifye pou yo resevwa yon pati nan Règleman nan Lajan an (apre yo retire depans Tribinal la apwouve). Lajan an pral divize dapre yon fòmil ki dwe apwouve pa Tribinal la. Manm Gwoup ki kalifye yo dwe soumèt yon Fòm Reklamasyon ki dwe resevwa nan dat 7 avril 2016 pou yo jwenn lajan. Ou ka jwenn yon fòm reklamasyon nan www.sykesclassaction.com.

Règleman Enjonktif: Si Tribinal la apwouve Règleman an, LR Credit pral transfere tout dèt li genyen yo bay yon antite Pleyan yo chwazi, kote koleksyon tout sa yo dèt yo pap janm sispann, epi Pleyan yo ap travay avèk Tribinal Eta Nouyòk yo pou yo eseye fin avèk tout jijman LR Credit te jwenn. Ou pa bezwen soumèt yon Fòm Reklamasyon pou dèt LR Credit ou a sispann.

Règleman an dwe apwouve pa Tribinal la. Manm gwoup ki kalifye yo pa pral resevwa okenn lajan sof si yo apwouve Règleman an. Sa a pa pral fèt anvan (pou pi bonè) nenpòt moman nan ete 2016. Koleksyon dèt LR Credit yo ap sispann pou kounye a, epi yo pral sispann pou tout tan si yo apwouve Règleman an. Si w ap fè peman pou yon dèt LR Credit, ou ta dwe sispann kounye a.

Ki lòt dwa mwen genyen?

Si ou se yon manm gwoup la, dwa legal ou yo pral afekte, ke ou aji ou pa. Men opsyon ou yo:

- **Rete nan Règleman an.** Si ou pa fè anyen oswa soumèt yon Fòm Reklamasyon, ou pral bay abandone dwa legal ou pou pote plent kont Defandan yo konsènan aktivite koleksyon dèt sou non LR Credit. Pou resevwa lajan nan Règleman an, manm gwoup ki kalifye yo dwe soumèt yon Fòm Reklamasyon ki dwe resevwa nan dat 7 avril 2016. Ou kapab bay objeksyon oswa kòmantè sou Règleman an, epi ou yo gen dwa pou parèt nan Tribinal. Tout objeksyon yo dwe fèt alekri epi resevwa nan dat 14 avril 2016.
- **“Soti” nan Règleman nan Lajan an.** Manm gwoup ki kalifye yo ka soti nan Règleman nan Lajan an epi kenbe nenpòt dwa yo kapab genyen pou yo rele Defandan an lajistis pou yo rekipere lajan pou domaj. Manm Gwoup yo ki soti nan Règleman nan Lajan toujou Manm Gwoup pou Règleman Enjonktif lan, sa vle di (a) koleksyon pou dèt LR Credit ou an ap sispann pou tout tan, ak (b) ou pa ap kapab fè yon lòt pwochè kont Defandan yo pou domaj enjonktif konsènan dèt LR Credit yo. Tout demann pou ou soti nan Règleman nan Lajan dwe fèt alekri epi dwe resevwa nan dat 14 avril 2016. *Manm gwoup ki vle soti yo pa pral resevwa okenn lajan.*

Tribinal la pral deside si l ap apwouve Règleman ou non nan yon odyans jistis, kounye a pwograme pou **11 me 2016** a 11:00 am nan Tribinal Distri Etazini an pou Distri Sid Eta Nouyòk, ki chita nan 40 Foley Square, New York, New York, 10007 nan Courtroom 519. Tribinal la te nonmen Class Counsel ki reprezante tout Manm Gwoup la. Class Counsel la pral peye pa Fon Règleman: ou p ap peye okenn frè. Ou kapab tou anplwaye avoka pa w ak pwòp kòb ou.

Sa a se sèlman yon Rezime sou Pwopozisyon Règleman an. Pou plis enfòmasyon epi pou yon Fòm Reklamasyon:

Rele: (877) 868-0034 Vizite: www.sykesclassaction.com

Reklamasyon yo pral jere pa yon administratè endepandan.

Tanpri, pa kontakte Tribinal la oswa Defandan yo.